




GID POU FATRA AK RESIKLAJ NAN BOSTON

Nou ofri resiklaj ak kòlèk fatra pou
pwopriyete rezidansyèl yo nan Vil Boston.

Gen ladan yon kalandriye detachab dechè jaden 2020

CITY of **BOSTON**

1395-20



WASTE
REDUCTION



APLIKASYON
TRASH DAY

BOS:311



Chè Vwazen:

Administrasyon mwen an pran angajman afon pou fè Boston yon vil ki pi vèt, pi dirab. Nou pran angajman pou nou vin net sou plan kabòn anvan 2050, epi n ap prepare katye nou yo pou enpak chanjman klima a. N ap travay tou pou vin yon Vil zewo dechè.

Mwen trè fyè dèske ane pase nou te pibliye premye Plan Zewo Dechè nou an. Seri 30 estrateji akoutèm ak alontèm lan vize pou diminye konsomasyon resous natirèl nou, ogmante kantite matyè nou transfòme an konpòs ak resikle, epi redui kantite fatra nou voye nan enstalasyon ki transfòme fatra an enèji. Lè nou pran dispozisyon sa yo, nou ka fè plis pase triple kantite fatra nou transfòme an konpòs ak resikle, soti apeprè 25 pousan pou vin 80 pousan.

Sa se yon gwo antrepriz. Pou nou gen siksè, nou bezwen rezidan, pwopriyetè biznis, ak vizitè nou yo entèveni ak fè pati pa yo. Pou ede moun yo kòmanse, Vil Boston antre resaman nan yon efò nan tout Eta a, anba direksyon Depatman Pwoteksyon Anviwònman Massachusetts, pou lanse yon nouvo kanpay edikasyon ki rele RecycleSmart. Objektif la se pou asire ke moun yo fè resiklaj nan fason kòrèk la. Nou vle eksplike ki atik yo dwe resikle, ak ki atik yo pa dwe resikle, sa ki gen ladan materyo ki ka bloke machin yo nan enstalasyon resiklaj yo, sa ki rann tretman an mwens efikas.

Vil Boston ofri tou yon aplikasyon gratis Trash Day, ki fasil pou itilize. Li pèmèt rezidan Boston yo fè rechèch nan yon anyè ki gen plizyè santèn atik nan kay pou aprann kijan pou elimine yo kòrèkteman. Itilizatè aplikasyon an kapab wè tou yon kalandriye pou dat ranmasaj pou kay yo, mete rapèl, ak resevwa notifikasyon sou chanjman orè yo.

Se Divizyon Rediksyon Dechè Travo Piblik Vil Boston (Public Works Waste Reduction Division) ki te pibliye Gid sa a. Sa fè pati efò agrandisman sansibilizasyon nou yo. Gid la gen ladan enfòmasyon enpòtan sou tout sèvis yo bay pou rezidan yo, sa ki gen ladan dat kolèk fèy ak dechè jaden, konpostaj manje, ak evènman pou depoze dechè danjere kay.

M ap mande rezidan yo pou yo fè lekti nan tiliv sa a avèk anpil atansyon. Kenbe li nan yon kote ou ka jwenn li fasilman pou ou ka tounen ladan kòm referans souvan. Si nou tout Resikle Kòrèkteman, nou pral reyalize objektif final nou: fè Boston yon Vil Zewo Dechè. Si nou devlope abitud ki pi ekolojik jodi a, nou ka garanti yon Boston ki pi an sante pou jenerasyon k ap vini yo.



Sensèman,

Majistra Martin J. Walsh

TAB DÈ MATYÈ

ZERO DECHÈ	1
APLIKASYON TRASH DAY	1
KONSÈY POU RESIKLAJ	2
KONSÈY POU FATRA	5
KONPOSTAJ DECHÈ MANJE	8
FÈ DON ATIK NAN KAY	8
DEPOZE DECHÈ DANJERE	9
ATIK OU KAPAB RESIKLE	10
ATIK OU PA KAPAB RESIKLE	11
KALANDRIYE DECHÈ JADEN 2020	12



ZERO DECHÈ

Zewo Dechè vle di diminye, repare, ak resèvi ak materyo yo nan lavi nou. Objektif inisyativ Zewo Dechè Boston lan se pou mennen Boston nan direksyon zewo dechè grasa planifikasyon, règleman, ak angajman kominotè.

Plan Zewo Dechè Boston lan elabore machaswiv pou fè Boston yon vil zewo dechè. Sa vle di Boston pral diminye, resèvi, resikle, ak fè konpòs avèk omwen 80 a 90 pousan dechè solid li yo. Nou pral redui tou eliminasyon nan depotwa ak ensineratè yo.

Aprann plis nan **boston.gov/zero-waste**

APLIKASYON TRASH DAY

Avèk aplikasyon gratis Trash Day nou an, ou kapab wè yon kalandriye pou jwenn dat kòlèk pou kay ou, mete rapèl, ak resevwa notifikasyon sou chanjman orè yo. Fè rechèch nan yon anyè ki gen plizyè santèn atik nan kay pou konnen kijan pou elimine yo nan bon fason an.

Ou ka menm itilize aplikasyon an pou jwenn si kòlèk fatra ak resiklaj ou retade akòz yon jou ferye, ak pou jwenn orè kòlèk jou ferye ki pi ajou an.

Aprann plis nan **boston.gov/trash-day**

KONSÈY POU RESIKLAJ

RESIKLE NAN JOU FATRA

Mete resiklaj la deyò avan 6 a.m. nan menm jou ou depoze fatra ou. Si yo ranmase fatra ou de fwa pa semèn, mete resiklaj la deyò nan toude jou yo. Sonje separe resiklaj ak fatra anvan ou mete yo bò twotwa a, epi tanpri rense ak lave atik ou yo.

OPSYON VESO RESIKLAJ

Tout materyo ki ka resikle yo dwe nan youn nan opsyon annapre la yo:

1. Gwo charyo ki gen wou

Si rezidans ou gen sis inite oswa mwens, Vil la ka ba ou yon gwo charyo ki gen wou.

Charyo sa yo gwo epi yo dwe woule yo al nan kamyon resiklaj la olye pou pote yo. Tanpri kenbe konsèy sa yo nan tèt ou:

- Pou li fasil pou rive jwenn li, mete charyo ou an devan kay ou bò twotwa a, lwen machin ki pake yo epi pa mete li sou pwopriyete prive.
- Pandan sezon ivè, mete charyo ou akote oswa devan pil nèj yo. Pa mete charyo yo dèyè pil nèj yo.

2. Poubèl konvèti

Pou konvèti yon bwat fatra an veso resiklaj, ou ka mete yon otokolan resiklaj sou deyò veso a. Bwat resiklaj yo pa dwe pi gwo pase 32 galon. Si yo pi gwo, yo dwe kapab tache nan yon mekanis pou soulve sou yon kamyon resiklaj.

Ou ka mande yon otokolan resiklaj ofisyèl oswa yon charyo resiklaj (depandan de apwobasyon) nan BOS:311; fè **3-1-1** oswa **617-635-4500**. Ale sou **[boston.gov/311](https://www.boston.gov/311)** pou jwenn plis enfòmasyon.

3. Sachè plastik transparan

Sak plastik transparan yo otorize sèlman si ou pa gen ase espas pou yon poubèl resiklaj ble nan katye annapre la yo:

Back Bay/Bay Village, Beacon Hill, Charlestown, Chinatown, Downtown, East Boston, Fenway, Mission Hill, North End, Roxbury, South Boston, the South End, ak West End.

Tanpri, konnen: Sak yo dwe 32 galon oswa mwens. **Pa** mete bagay ki ka resikle yo nan sachè plastik makèt. Sak resiklaj an plastik transparan yo disponib kay detayan lokal yo.

Aprann plis nan **[boston.gov/recycling](https://www.boston.gov/recycling)**

RESIKLAJ NAN GWO BILDING APATMAN YO AK CONDO YO

Bilding ki gen plis pase sis inite rezidansyèl yo konsidere kòm gwo bilding. Òdonans Vil la egzije gwo bilding ki resevwa sèvis ranmasaj fatra Vil la pou yo gen pwogram resiklaj.

Pwopriyetè gwo bilding yo oswa asosyasyon kondominyòm yo dwe bay epi antretni gwo charyo ak wou ki ale nan anplasman santralize pou tout rezidan bilding lan. Pou mande resikalj nan yon gwo bilding, kontakte BOS:311; fè **3-1-1** oswa **617-635-4500**.

ATIK OU KAPAB RESIKLE NAN POUBÈL BLE A

Sonje pou toujou **rense ak lave atik ou yo** anvan ou mete yo nan resiklaj la.

- **Bwat pitza:** retire manje, pwotèj pitza yo (tab pitza yo), ak doubli yo
- **Mamit ann aliminyòm ak eten:** sa gen ladan tchips pòm detè ak mamit kafe yo
- **Papye:** jounal, magazin, katalòg, liv po mou yo, papye blan ak koulè
- **Katon:** sachè papye, katon ze, ak bwat sereyal
- **Kristal:** bokal ak boutèy
- **Plastik:** tout veso (eksepte sachè plastik yo), sa gen ladan manje, soda, boutèy dlo, ak bokal

ATIK OU PA KAPAB RESIKLE NAN POUBÈL BLE A

- **Sachè plastik makèt yo:** sachè plastik makèt ak sak fatra yo (retounen sachè plastik pwòp yo kay yon detayan patisipan pou resiklaj)
- **Atik jetab:** mous polistirèn, kèp, asyèt, napkin, sèvyèt papye, klinèks, chalimo, ak kapsil kafe an poud
- **Anbalaj plastik:** anbalaj ti boul lè, fim, ak prela
- **Bagay mele:** pa gen ladan bagay pou kwoke manto, tiyo kawotchou, ralonj ak fil, oswa chèn
- **Dechè medikal:** sereng ak konprime
- **Resipyan:** espesyalman resipyan yo itilize pou pwodui chimik ak lwil motè
- **Elektwonik:** batri rechajab ak anpoul limyè
- **Rad:** sa gen ladan soulye ak bèt boure
- **Bwat bwason ak manje:** ji, lèt, ak bwat manje konjle (veso ji ak lèt an plastik yo akseptab, si yo lave kòrèkteman)
- **Seramik:** po, kastwòl ak vè
- **Dechè manje**

Gade nan paj 10 ak 11 pou jwenn gid resiklaj detachab yo.

KONSÈY POU FATRA

KIJAN POU PREPARE FATRA OU

1. Fatra yo dwe byen estoke sou pwopriyete ou nan barik oswa nan resipyan. Barik oswa resipyan yo dwe:

- an metal oswa fèt an plastik dirab
- gen yon kouvèti
- pa pi gwo pase 32 galon (sòf si yo ka tache nan yon mekanis pou soulve, lè sa yo ka jiska 96 galon), epi
- pa peze plis pase 50 liv.

2. Ou dwe mete fatra yo bò twotwa a **avan 6 a.m., oswa apre 5 p.m.** lavèy jou fatra ki prevwa pou ou.

3. Barik ak resipyan yo dwe ka pran tout matyè fatra yo. Si ou itilize sak fatra, yo dwe an matyè plastik .9 mil oswa pi gwo epi yo pa ka pi gwo pase 32 galon.

4. Li pa akseptab pou mete fatra nan sak kizin, sachè makèt, sachè papye, katon oswa bwat, epi sa ka lakòz yon vyolasyon kòd.



Sètèn atik ou pa ka mete nan fatra regilye oswa resiklaj. Alaplas, yo dwe pwograme pou yon ranmasaj espesyal. Rele **3-1-1** oswa **617-635-4500** oswa ale nan **boston.gov/311** pou planifye ranmasaj atik sa yo:



**MONITÈ
ÒDINATÈ**



ÈKONDISYONE



**APARÈY POU
RETIRE IMIDITE**



TELEVIZYON



REFWADISÈ DLO



FRIJIDÈ

ATIK OU PA KA METE NAN FATRA OSWA RESIKLAJ

Si atik sa yo kapab resèvi, fè don ak yo. Sinon, ou dwe anboche yon konpayi prive pou ranmase yo.



BLÒK



**PYÈS
OTOMOBIL**



**TÈ, WÒCH,
AK PYÈ**



DEBRI DIFE



**MATERYO
KONSTRIKSYON
AK DEMOLISYON**



**DOUM
LWIL**



**PLONBRI
AKSESWA**



**SERENG
AK ZEGWI**



DECHÈ LIKID
si plis pase yon
galon; sa gen ladan
lwil pou kwit manje



**DECHÈ
JADEN**



**APARÈY CHOFAJ
DLO**



**MATERYÈL
DANJERE**



**KAWOTCHOU
MACHIN**



KLOTI

FÈY AK DECHÈ JADEN

KÒLÈK SEZONYE FÈY AK DECHÈ JADEN

Ranmasaj fèy ak dechè jaden fèt soti an avril jiska desanm nan semèn ki deziyen pou kòlèk dechè jaden. Men kèk konsèy:

- Mete fèy ak debri jaden yo nan gwo sak papyè oswa barik louvri ki make “yard waste” (dechè jaden) (pa itilize sachè plastik).
 - Pou jwenn otokolan dechè jaden pou barik ou, ou ka kontakte BOS:311. Fè **3-1-1** oswa **617-635-4500**, oswa ale nan **boston.gov/311**. Nou otorize senk otokolan pou chak kay. Sak fèy an papyè yo pa bezwen otokolan.
 - Mare branch yo ak fisèl. Branch yo kapab gen pou piplis 3 pye longè ak 1 pous dyamèt.
 - Mete dechè jaden yo bò twotwa a **avan 6 a.m. nan premye jou resiklaj nan semèn lan, oswa apre 5 p.m. lavèy** jou ki prevwa pou ou an.
 - Nou òganize tou 20 evènman pou depoze yo nan enstalasyon konpostaj nou an nan Mattapan. Ale nan **boston.gov/yard-waste** pou jwenn dat yo.
- Si ou gen de jou resiklaj pa semèn, kòlèk fèy ak dechè jaden fèt **sèlman nan premye** jou resiklaj ou nan semèn lan. Nou pa ranmase fèy ak dechè jaden nan semèn dechè jaden ki pa prevwa.

Pou jwenn dat kòlèk yo, ale nan **boston.gov/yard-waste**

ABDENWÈL

Nou fè kòlèk abdenwèl pandan de premye semèn konplè an janvyè apre jou fèt Nwèl yo. Si ou gen de jou resiklaj, nou ranmase pyebwa yo nan premye jou resiklaj la. Mete abdenwèl ou deyò bò twotwa a nan jou resiklaj ou. Sonje pou retire dekorasyon, fil, limyè ak sipò yo. **Pa mete abdenwèl ou nan yon sachè plastik.**

KONPOSTAJ DECHÈ MANJE

KONPOSTAJ KOMINOTÈ

Konpostaj se dekonpozisyon kontwole matyè òganik, tankou dechè jaden ak rès manje. Konpostaj se yon trè bon fason pou diminye fatra ou epi pwodui yon angrè natirèl pou tè.

Pwojè Oscar se pwogram konpostaj kominotè Vil

Boston an. Gen gwo resipyan, ki sanble ak barik fatra, ki disponib pou moun yo elimine fatra òganik kay yo.

Pou aprann plis, ale nan **boston.gov/project-oscar**

KONPOSTAJ LAKAY

Ou ka pase pa Boston Building Resources, pou achte poubèl konpòs sibvansyone ak bokit dechè kizin. Poubèl ak bokit yo disponib pou achte lendi jiska samdi, ant 9 a.m. ak 3 p.m., nan anplasamn Boston Building Resources nan 100 Terrace Street nan Mission Hill. Pou kontakte BOS:311, fè **3-1-1** oswa **617-635-4500**, oswa ale nan **boston.gov/compost** pou jwenn plis enfòmasyon.

FÈ DON ATIK NAN KAY

Tanpri panse fè don nan òganis byenfezans ak rad, mèb, ak ti aparèy menaje ki ka sèvi ankò. Ou ka ale tou nan **boston.gov/recycling** pou jwenn enfòmasyon ajou sou pwogram resiklaj tekstil Vil Boston lan.

Èske w ap chèche fè don pòt, fenèt oswa akseswa saldeben yo? Tcheke Boston Building Resources nan **bostonbuildingresources.com**

DEPOZE DECHÈ DANJERE

Nou òganize jou pou depoze dechè danjere kay pandan ane a. Rezidan Boston yo kapab elimine an tout sekirite dechè danjere yo ak chire an miyèt dokiman yo pa bezwen gratis. Tanpri, konnen:

- Nou pran sèlman dechè **rezidan Boston yo**. Ou dwe montre nou prèv kote ou rete. Nou p ap pran okenn dechè biznis yo.
- **Latèks ak penti akrilik** PA danjere. Annik kite penti a seche nan bwat la epi mete l deyò nan jou fatra ou.
- Nou ofri **chire papye an miyèt** nan tout evènman nou yo. N ap chire an miyèt jiska 10 bwat oswa resipyan gwosè kopi papye dokiman pèsònèl ou.
- Nou aksepte tout **rad ak tekstil**, sa ki gen ladan pantalon, manto, chapo, ak kostim.
- Ou kapab **resikle aparèy elektwonik tou** nan evènman sa a. Nou pa pran materyèl komèsyal nan biznis yo.

Pou aprann plis konsènan ki atik n ap aksepte ak sa nou p ap aksepte, ale nan **boston.gov/hazardous-waste**

MEDIKAMAN AK SERENG

Èske ou te jwenn yon sereng oswa yon zegwi nan lari? Pou elimine li san danje, kontakte BOS:311; fè **3-1-1** oswa **617-635-4500** pou jwenn èd.

Èske ou gen medikaman ki pa sèvi oswa ki ekspire? Gen Kyòs Kòlèk Medikaman MedReturn nan 11 pòs Depatman Polis Boston. Kyòs yo disponib pou tout rezidan, 24 èdtan pa jou, sèt jou sou sèt – san poze okenn kesyon. Pou jwenn plis enfòmasyon ale nan **boston.gov/drug-kiosks**

ATIK OU **KAPAB** RESIKLE



BWAT PITZA

Retire manje, pwotèj pitza
yo (tab pitza yo),
ak doubli yo



MAMIT ANN ALIMINYÒM AK ETEN

Sa gen ladan tchips
pòm detè ak mamit kafe yo



PAPYE

Papye blan ak koulè



KATON ANBALAJ

Sachè papye, katon ze, ak
bwat sereyal, elatriye.



KRISTAL

Bokal ak boutèy



PLASTIK

Tout veso (eksepte sachè plastik
yo), sa gen ladan manje, soda,
boutèy dlo, bokal, elatriye.



KATON

Bwat katon plati (pa pi gwo
pase 3 pye pa 3 pye; yo dwe
gwoupe ak mare)



LIV

Liv po mou yo



PIBLIKASYON

Jounal, magazin,
ak katalòg

ATIK OU PA KAPAB RESIKLE



DECHÈ MEDIKAL

Sereng, konprime, elatriye.



ATIK JETAB

Mous polistirèn, napkin, sèvyèt paye, klinèks, ak kapsil kafe an poud, elatriye.



VESO

Pou pwodui chimik ak lwil motè




APARÈY ELEKTWONIK

Sa gen ladan batri rechajab ak anpoul limyè



SAK PLASTIK POU ACHA

Sachè plastik makèt ak sak fatra yo (ou ka retounen sachè plastik pwòp yo kay yon detayan patisipan pou resiklaj)



ANBALAJ PLASTIK

Sa gen ladan anbalaj ti boul lè, fim, ak prela



RAD

Sa gen ladan soulye ak bèt boure



BWAT BWASON AK MANJE

Bwat ji, lèt, ak manje konjle (veso ji ak lèt an plastik yo akseptab si yo lave kòrèkteman)



BAGAY MELE

Pa gen ladan bagay pou kwoke manto, tiyo kawotchou, ralonj oswa fil, oswa chèn



SERAMIK

Po, kastwòl ak vè



DECHÈ MANJE

🕒 SA POU FÈ:

- Mete fèy ak debri jaden yo nan gwo sak papyè oswa barki louvri ki make "yard waste" (dechè jaden).

- Mare avèk fèsel branch ki gen longè 3 pye ak dyamèt 1 pous pou pipis
- Mete barki, sak, ak branch yo bò twotwa a avan 6 a.m.

🗑️ SA POU PA FÈ:

- Sak plastik pa ladan
- Pa mete branch yo nan barki
- Tè pa ladan

📌 REMAK:

- Si ou gen de jou resiklaj pa semèn, kòlèk la se nan premye jou resiklaj ou nan semèn lan
- Nou pa rannase fèy ak dechè jaden nan semèn ki pa prewva

- Nou rannase Abdenwèl ant 4 ak 15 janvye 2021

📍 KONPÒS LAKAY:

Ou ka achte pouèl pou fè kompòs nan lakou deyè ak bokèt pou dechè kizin nan:

Boston Building Resources
100 Terrance St. Mission Hill, Roxbury
Pou jwenn plis enfòmasyon, ale nan:
boston.gov/trash

■ Kòlèk bò twotwa pou fèy ak dechè jaden

■ Depoze dechè danjere kay

■ Kòlèk Pyebwa 2021

■ Depo Dechè jaden
500 American Legion Hwy, Boston, MA 0213

AVRIL

DI LE MA MÈ JE VA SA

1	2	3	4
5	6	7	8
9	10	11	12
13	14	15	16
17	18	19	20
21	22	23	24
25	26	27	28
29	30		

ME

DI LE MA MÈ JE VA SA

1	2
3	4
5	6
7	8
9	10
11	12
13	14
15	16
17	18
19	20
21	22
23	24
25	26
27	28
29	30
31	

JEN

DI LE MA MÈ JE VA SA

1	2	3	4	5	6
7	8	9	10	11	12
13	14	15	16	17	18
19	20	21	22	23	24
25	26	27	28	29	30
31					

JIVÈ

DI LE MA MÈ JE VA SA

1	2	3	4
5	6	7	8
9	10	11	12
13	14	15	16
17	18	19	20
21	22	23	24
25	26	27	28
29	30	31	

OUT

DI LE MA MÈ JE VA SA

1
2
3
4
5
6
7
8
9
10
11
12
13
14
15
16
17
18
19
20
21
22
23
24
25
26
27
28
29
30
31

SEPTANM

DI LE MA MÈ JE VA SA

1	2	3	4	5
6	7	8	9	10
11	12	13	14	15
16	17	18	19	20
21	22	23	24	25
26	27	28	29	30

OKTÒB

DI LE MA MÈ JE VA SA

1	2	3
4	5	6
7	8	9
10	11	12
13	14	15
16	17	18
19	20	21
22	23	24
25	26	27
28	29	30
31		

NOVANM

DI LE MA MÈ JE VA SA

1	2	3	4	5	6	7
8	9	10	11	12	13	14
15	16	17	18	19	20	21
22	23	24	25	26	27	28
29	30					

DESANM

DI LE MA MÈ JE VA SA

1	2	3	4	5
6	7	8	9	10
11	12	13	14	15
16	17	18	19	20
21	22	23	24	25
26	27	28	29	30
31				

JANVYE 2021

DI LE MA MÈ JE VA SA

1	2
3	4
5	6
7	8
9	10
11	12
13	14
15	16
17	18
19	20
21	22
23	24
25	26
27	28
29	30
31	

ANPLASMAN POU DEPOZE DECHÈ DANJERE KAY

20 JEN | SOUTH BOSTON
Enstilasyon Central DPW
400 Frontage Rd.

25 JIVÈ | WEST ROXBURY
West Roxbury DPW
315 Gardner St.

1 OUT | DORCHESTER
John W. McCormick Middle School
315 Mt. Vernon St.

22 OUT | SOUTH BOSTON
Enstilasyon Central DPW
400 Frontage Rd.

31 OKTÒB | SOUTH BOSTON
Enstilasyon Central DPW
400 Frontage Rd.

Vil Boston pran angajman pou transfòmè Boston pou li vin yon vil zevo dechè.
Pou ede nou atenn objektif sa a, diminye, repare, ak resèvi ak materyo yo avan
resiklaj oswa avan ou jete yo. Aprann plis nan boston.gov/zero-waste



FÈ DON

Fè Don ak atik ou pa bezwen yo olye
ou jete yo



PA KONTAMINE

Telechaje [Aplikasyon Boston
Trash Day](#) lan, pou aprann
ki atik ou ka resikle ak sa ou
pa ka resikle



FÈ YO VIN PI PITI

Fè tout bwat katon yo vin pi
piti anvan ou resikle yo



ÈSKE LI PWÒP?

Rense atik ki ka resikle yo avan
ou mete yo nan poubèl ble a

CITY of BOSTON

Mayor Martin J. Walsh



WASTE
REDUCTION



APLIKASYON
TRASH DAY

BOS:311